



THE CITY OF NEW YORK
MAYOR'S OFFICE OF MEDIA & ENTERTAINMENT

Direktiv pou moun ki gen Kat de près vil New York (NYC Press Card)

Lè w ap antre nan evènman yo

Ou te mèt sèvi ak **Kat de près nòmal ou a (Standard Press Card)**, ak **Kat de près rezève w la (Reserve Press Card)**, oswa ak **Kat de près ki valab pou yon sèl evènman an (Single Event Press Card)** pou:

- Travèse kòdon sekirite lapolis oswa ponpye mete, oswa lòt restriksyon, limitasyon oswa baryè Vil la mete kote gen ijans la, oswa kote gen dènye nouvèl la oswa nan yon evènman publik ki pa yon ijans.
- Asiste yon evènman vil la parennen, kote manm laprès te mèt vini.

Se gen dwa Biwo Komisè Adjwen an, Relasyon Publik (Office of the Deputy Commissioner, Public Information, DCPI) nan Depatman Lapolis Vil New York la oswa ajans oswa biwo minisipal k ap parennen evènman an, ki bay otorizasyon antre nan yon kote oswa nan yon evènman. **Otorizasyon pou antre nan yon kote oswa nan yon evènman gen dwa depann de espas ki disponib, ak de mezi sekirite ak de mezi prezèvasyon prèv ki genyen.** Sa vle di yo gen dwa refize ba ou otorizasyon antre oswa ba ou restriksyon, epitou yo p ap kite ou antre nan sèn krim ki andedan oswa nan zòn yo bloke pou rezon sekirite.

Ou dwe toujou mete Kat de près la yon jan pou tout moun wè lè w ap chèche antre nan yon kote oswa nan yon evènman epi lè yo fin ba ou otorizasyon antre. Kat de près ou a se PA yon pèmi pakin e li pa ba ou okenn privilèj pakin. PA kite Kat de près ou a sou dach machin ou an.

Direktiv pou itilizasyon kat de près

1. **Lòd legal.** Ou dwe respekte lòd legal yon ajan lapolis oswa yon lòt ofisyèl minisipal ba ou pandan w ap pran nouvèl yo.
2. **Fonksyon ofisyèl.** Ou pa dwe jennen ni eseye jennen yon ajan lapolis oswa yon lòt ofisyèl minisipal k ap egzèse fonksyon li pandan w ap pran nouvèl yo.
3. **Move itilizasyon oswa fo prezantasyon.** Ou pa ka ni itilize ni prezante Kat de près la pandan ou p ap travay kòm repòtè.
4. **Transfè.** Ou pa ka transfere Kat de près nòmal ou a ni Kat de près valab pou yon sèl evènman w lan bay yon lòt moun. Ou pa ka transfere Kat de près rezève w la bay yon lòt moun sòf si ògàn laprès ou a otorize transfè a.
5. **Risk derezonab.** Ou pa ka konpòte w yon jan ki ta ka lakòz risk derezonab pou pwopriyete oswa pou sekirite oswa byennèt sèten moun an patikilye oswa publik la an jeneral pandan w ap pran nouvèl yo.
6. **Bezwen Fòs de lòd yo oswa Sèvis ijans yo** Ou pa dwe jennen bezwen ni fòs de lòd ni sèvis ijans ofisyèl yo pandan w ap pran nouvèl yo.